# Нур

6+

ISSN 0207-6551

3
2016



Агъэ-быгъэ  сабий нэкIуу,
Зэм  зигъафIэу, зэм гъырнэIуу,
Гъэгъа  цIыкIухэр и бгъэхэIуу,
Гъатхэ бзууэ и бзэр къэIуу
Мис, Гъатхэпэр къэсыжащ,
Дыгъэр  гуфIэу  къепсыжащ!..

Мамэ дгъафIэхэм я Махуэм
IэпIохуэшхуэу  зыкъеущI!..

Хуэрэджейм и къапщIий гъагъэр
Жьым  къыпихыурэ  еухуэнщI...

Адыгэбзэм и Махуэшхуэр
Бзу  бзэрабзэу   мэтхьэгъуш!..

Гъэмрэ-щIымрэ я зэдауэм
Гъэ  жеяри  къыдоуш!

## УсакIуэ ныбжьыщIэхэр

# СИ МАМЭ

Сэ нобэ, мамэ, уэ уи махуэм
Сыхуейщ узгъэгуфIэну.
Къэпший уи IитIым гъэгъа дахэ
Сыхуейщ ныбIэщIэслъхьэну.

Сыхуейщ уи гъащIэр гъэгъам хуэдэу
НэщхъыфIэу епхьэкIыну.
Нурыбз махуэхэр уи куэду
Уи мазэр къыкъуэкIыну.

Къыстеубгъуауэ уэ уопсэури,
Уэ щIы уи фIэщ, узгъэпэжынщ,
Зэманым декIуу лIы сыхъунщи,
Си мамэ, сэ узгъэткъэжынщ.

*КЪАНЫКЪУЕЙ Къантемыр*

# СИ АНЭ

Уи лъагъуныгъэм нэхъ гуащIэ
Тумыгъуэтэн щIы хъурейм,
Уэ сыноплъыху согумащIэ,
СфIощIыр уэ псом уралей.

Тхуэзэхэбуфэу уи нэщхъи
Уэ уи нэмыплъ къыдумыт.
Уи псэ къабзагъэр зэзгъэщхьи
Мы дунеишхуэм темыт.

Уэ пхуэсщIэ псори сфIэмащIэу,
Сыт нэхъ пфIэфIын? – Согупсыс.
Си гум пхуигъафIэр фIы защIэу,
Сэ усэ, мис, пхузоус.

*БЭБЫГУЕЙ Дианэ*



Илъэс 70 ирокъу тхакІуэ, журналист цІэрыІуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ***ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд***



*КЪАРМЭ Іэсият*

# «Нурым» и тыгъэ

Бахъсэн акъужьым и Іущащэм
Гъатхэпэ мазэр щыдэкІуэщІым,
ХьэтІохъуущыкъуейуэ жылэ Ипщэм
Щалъхуат гъэ гуэрым сабий дыщэ.

Ар Мусэбий и щІалэ пажэт –
ФІащат цІэ лъапІэу Мухьэмэд,
Ар зэшыпхъуитхум я дэлъху пашэт,
Абы дагъэфІырт гугъэфІ куэд.

Къэжэпхъырт щІалэр дыщэ быну,
Ар зэхэщат псысэ нэрынэу.
Дыгъэ бзий лъакъуэр и Іэдэжт,
Ныбжьэгъу жыпІамэ – гъусэ пэжт.

Лей зытехьахэм я узчылу,
Абы хужаІэрт: «Ди лъэпкъ набдзэ».
Лъэпкъ Іуэху щаІэтым, къэрэгъулу,
КІэлъыжаІэжырт: «ЦІыху псэ къабзэ»!

Гъатхэпэ махуэр ягъэпщІыпщІу,
А лІыр «Нур» цІыкІухэм ягъэбжьыфІэ.
Дыщэху хъарищэр зи щІыІу куэщІу
Мэлэчыпхъу Іущым ар егъафІэ.

Уэрэд зэгуэблэр и блэгущІэлъу,
ПхудогъэлІыкІуэ ЦІыкІураш.
Таурыхъ нэдыр бжьэпэтещІэу,
Ди ШыкъумцІий пхуегъэфІ уанэш.

Удот гъатхэпэ акъужьпэум
Бахъсэн хъэрахъэ и Іубыгъуэ,
Пхуегъэпс бжьамий Ашэмэз щауэм,
Псысэ хъыринэ пхуигъэтІыгъуэу.

Къарэкъэсыхуу а щэху къомбэр
Уи илъэс блыщІым хыдоухуанэ:
Убыди ди таурыхъ шы Іумпіэ –
Тхьэм къыпхупищэ уи гъуэгуанэ!



*ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд*

# КИТАЙМ ЩЫСЛЪЭГЪУАР

ЦIыкIухэ, Юн-су теухуа шыпсэр фщIэжрэ?

Еуэщ аби, зы щIалэ цIыкIу псэут, илъэсих хъууэ, гурыхуэу, еджэну и нэ къикIыу. Арщхьэкlэ, апхуэдизкIэ къулейсызти, тхылъымпIэ дыдэрэ къалэмрэ къыззэрыхуащэхун яIэтэкъым.

Юн-су и гурыфIыгъуэрат: пщэдджыжькIэрэ Тенджыз Гъуэжь Iуфэм кIуэрт, чымпэ къищтэрти, пшахъуэм хьэрф нэшэкъашэхэр егугъупэурэ трищIыхьырт. Зэуэ къыкъуэуа жьыбгъэм хы толькъунхэр трилъэщIэжмэ, мо ерыщ цIыкIум аргуэру тхэн щIидзэжырт.

Ауэрэ, и ерыщагъыр сэбэп къыхуэхъури Юн-су тхэкIэ, еджэкIэ зригъэщIащ...

Мы шыпсэм щIагъщIэбзэ иIэщ: ухуеймэ, пхуэмыщIэн щыIэкъым. Илъэс куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ, Китайм и пащхьэ къалэн иригъэувэжащ – цIыхухэм я псэукIэр иригъэфIэкIуэну, ерыскъыр, хьэпшыпхэр тыкуэнхэм щIэз ящIыну. Юн-су и ерыщагъыр лъэпкъым хэльти, я гурылъ дахэр нэхуапIэ хъури Китай къэралым зиужьащ!

Сэри абы щыхьэт сытехъуащ. Тяньцзинь кхъухь тедзапIэм къыщыщIэдзауэ Пекин нэс километр 200-м нэблагъэ дэлъщ. АвтобускIэ абы дыздэкIуэм тлъагъурт я бынхэр я гъусэу мэкъумэшыщIэхэм егугъуу гъавэ зэрыIуахыжыр. Дэтхэнэми и щIы Iыхьэр къабзэу зэрихьэрт, гъавэри кIэрыхуншэу зэщIакъуэжырт. Лэжьэгъуэ махуэти, Iуэхуншэ щыIэтэкъым.

Пекин дынэсащ. «XXI-нэ лIэщIыгъуэ» хьэщIэщым и пщIантIэм оркестрыр марш щеуэрт, сабийхэм удз гъэгъахэр къытIэщIалъхьэрт.

Сэ сыкъаухъуреихьащ урысыбзэ зыдж ныбжьыщIэ зыбжанэм. УпщIэкIэ сыщIагъэнащ:

– Кавказыр дахэ? Абы лъэпкъ куэд щыпсэурэ?

– Фи сабийхэм Китайр ялъагъуну хуей?

– Фи цIыхухэм Китайм ещхьу псоми лэжьыгъэ ягъуэтрэ?

– Фи деж лъакъуэрыгъажэ куэдым зэрахуэрэ?

Езы цIыкIухэм псоми ар зэраIэм иригушхуэу къызжаIащ. Юн-су и шыпсэм ахэр фIыуэ щыгъуазэт:

– Дэ, тхьэм и шыкуркIэ, тхылъымпIи къалэми куэду диIэщ. КъыдэмэщIэкIыр зэманырщ: ди адэ-анэхэм дадоIэпыкъу, итIанэ унэ лэжьыгъэр дощIыж,– къызжеIэ сэ Цзи-син цIыкIу.

– ИкIи фIыуэ доджэ,– къыпещэ абы и ныбжьэгъу Лян-ши.

ЕтIуанэ махуэм цIыкIухэр Пекин си гъусэу дэтащ.

«Ар езыгъэщIахэм Юн-су яхэмытауэ пIэрэ?» – сеупщIащ сэ Лян-ширэ Цзисинрэ.

– Дэ псори Юн-су дыхуэдэщ – дыерыщщ, лэжьыгъэм зэи зыпыIуддэкъым. Ди гурылъхэр къыдэхъулIэн папщIэ тлъэкI къэдгъэнэнукъым.

– НтIэ, цIыкIухэ, ди къэралым фынэкIуэн мурад фиIэкъэ фэ?

– ДиIэщ, диIэщ! Кавказри зэдгъэлъагъунущ...

– Дынывожьэ! – жысIэри хъыджэбз цIыкIуитIым Iэплlэ яхуэсщIыжащ, хэкум дыкъэкIуэжыну дыкъыщежьэжым.

Си фIэщ мэхъу Цзи-синрэ Лян-ширэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщысльагъунур.

**– Гъэрэ-щӏырэ. Адыгэ илъэсыщӏэ. Мафӏэщхьэджэд. А щыр сыткӏэ зэпха? Гъатхэ зэрыхъуу, псори щхьэ тепсэлъыхьрэ абы? – щӏоупщӏэ Упщӏэрей.**

**Нурым жэуап ирет а упщӏэхэм:**

– Гъатхэпэм и 22 Махуэшхуэр сабийхэм я тхъэжыгъуэу щытащ. Ди лъэпкъым и Илъэсыщӏэр абы щыгъуэт къыщихьэр. Гъэмрэ (гъатхэмрэ) щӏымрэ (щӏымахуэмрэ) зэныкъуэкъуу хъурти, дунейми куэдрэ зызэрихъуэкӏт, зэм уэлбанэу, зэм уэфӏу. Апщӏондэху сабийхэр абы ткӏэлъыплъурэ: «Уарэ, дыткъэжащ, гъэр текӏуащ, е, уэдыдыд, щӏымахуэм аргуэру къигъэзэжынурэ щӏэх гъатхэр къихьэнукъым!» – жаӏэрт. Гъатхэхуэплъэкъэ атӏэ сабийхэр дапщэщи. Балигъхэри хуейт гъэр пасэу къихьэнуи, тхьэлъэӏу ящӏт, джэд фӏыцӏэ якӏырт ар щӏы фӏыцӏэм и дамыгъэ яхуэхъуу. «Мафӏэщхьэджэд» жыхуаӏэжыр аращ. Щӏы фӏыцӏэм сыткӏэ щыгугъырэт-тӏэ ахэр? Щӏырат ди лъэпкъыр къэзыгъашхэр. Абы хисэу къытрихьыж гъавэмрэ, зэрихуэ Ӏэщхэмрэт зэрыпсэури, в Ӏэщхэми я шхыныр щӏым къытекӏырт.

Нур щыкӏухэ, мис арат ди адэшхуэ-анэшхуэхэм щӏым и жагъуэ пщӏыну щӏамыдэтэр. Ар уфӏейуэ, пхъэнкӏий идзыпӏэ пщӏыуэ, е удзыщӏэ къытрипхъэр къипфыщӏыкӏыу ялъагъумэ, анэ хуэдэу укъэзыгъашхэм пщӏэ зэрыхуумыщӏыр я гуауэ хъурт.

А махуэшхуэ дахэр ди сабий садхэм щагъэлъапӏэу, «хъуромэ» жаӏэу куэдрэ дрихьэлӏащ. Сытым хуэдэу яфӏэфӏ ар сабий цӏыкӏухэм!

**Нурым: – Гъатхэпэ мазэм сыт хуэдэ махуэшхуэхэр хыхьэрэ? Урыху къуажэ и етӏуанэ курыт еджапӏэм щеджэхэр зэщӏожьыуэ, мыхэр жаӏэу:**

Пӏыхъугу Альбинэ: «Мартым дгъэлъапӏэу махуэ зы гуп хэтщ. Ахэм хеубыдэ цӏыхубзхэм я махуэр. Дэ анэхэм, анэшхуэхэм яфӏэфӏ гуэр яхудощӏэ, я гуапэ хъун щхьэкӏэ зыгуэрхэр яхудогъэхьэзыр, Ӏэни яхудогъэув. А мазэм дэ иджыри догъэлъапӏэ гъэрэ щӏырэ щызэхэкӏыр, мартым и 22-р, Мафӏэщхьэджэд жыхуаӏэ махуэр. Абы щыгъуэм унагъуэ-унагъуэкӏэ джэд фӏыцӏэ якӏыурэ Ӏэнэм тралъхьэ. Аращ сэ март махуэшхуэхэм яхужысӏэфынур».

Сындыку Аскер: «Мартым и махуэшхуэхэм яхэтщ зы, сэ фӏыуэ хэсщӏыкӏыу. Ар мартым и 8-рщ. Ар дуней псом цӏыхубзу тетым я махуэшхуэщ. Абдежым анэшхуэхэри, анэхэри, хъыджэбз цӏыкӏухэри ягъэлъапӏэ. А махуэм сэ си анэм сыт ищӏысри хузощӏэ, папэрэ сэрэ я гуапэ хъун гуэрхэр къахудощэху мами си шыпхъуми. А махуэрaщ сэ си анэм гукӏэ нэхъ пэгъунэгъу сыщыхъур. Нэхъ сыщыцӏыкӏуам щыгъуэ си Ӏэкӏэ сщӏыурэ открыткэ естырт».

Соблыр Дианэ: «Мартым адыгэхэм (адыгэбзэм) я махуэр ягъэлъапӏэ. Дэ ди гъунэгъущ адыгэ лӏыжь. Абы къыджеӏэж япэрей зэманыр зэрекӏуэкӏыу щытар, гугъу зэрехьар, игу къинэжахэр. Ар сытым дежи топсэлъыхь «Ашэмэз» шым, абы къигъэпэжу зэрыщытам. Сигу хохъуэ сэ а дадэм хъыбар щыжиӏэжым и деж».

**Шупагуэ Аслъэн:** «Сэ гъатхэм и Еянэ махуэр сфIэфIщ. Си анэм сурэт цIыкIу си IэкIэ хузощIри изот. Абы и закъуэкъым, анэм теухуа усэ е хъыбар гуэр жызоIэ, къыдызошри къызогъафэ. Сэ си анэм нэхъ нэхъыфIу слъагъу щыIэкъым, абы дэ депI».

**Битокъу Тимур:** «ЦIыхубзхэм я махуэр сэ согъэлъапIэ, си анэр фIыуэ солъагъури. Ахэр дэр щхьэкIэ мэлажьэ, ахъшэ къалэжь, дагъашхэ. Дэ ди унагъуэм догъэлъапIэ а хабзэр. ТхылъымпIэ зэмыфэгъухэм къыхыдогъэж, псалъэ дахэ, псалъэ IэфIхэр тыдотхэри ди анэхэм идот. Сэ мы хабзэр согъэзащIэ зэрыхабзэм щхьэкIэ, щызмыгъэзащIэ къэхъукъым. Ди школым сэ сыщеджэ классым щIэс хъыджэбз цIыкIухэми изот гу цIыкIу (валентинкэ) зэмыфэгъухэм хуэдэ».

**Елий Даянэ:** «Гъатхэпэм и тIощIрэ тIум гъэрэ щIырэ зэхокI. МафIэщхьэджэд махуэм джэд фIыцIэ фIагъэж. Ар дэ догъэлъапIэ».

**Гъажэ Элинэ:** «Сэ мартым и 8-м сфIэфIу си анэм изот си IэкIэ сщIа гъэщIэгъуэнхэр».




### • Гу лъыфтэ

Ди ныбжьэгъу цIыкIухэ, дэ дощIэ фэ псысэхэм федэIуэну зэрыффIэфIыр, ауэ фыкъеджэну ффIэгугъуэщ, пэжкъэ? Хьэрфхэри куэд мэхъу, псалъэ Iэджэм къарыкIри гурыIуэгъуэкъым; унэми, еджапIэми, уэрамми щызэхэфхакъым. ФщIащэрэт а хьэрфхэм я къулеягъэр! Ахэм щазакъуэми, зэгухьа нэужькIи, апхуэдизкIэ мыхьэнэ куэд яIэщи, адыгэбзэм и дуней хьэлэмэт къагъэщI.

НтIэ, хьэрфхэр гугъуэщ жытIэу, абы зыхэдгъэкIыжыну ара?! Ди бзэм къытхуиIуэтэну зыхуейр къыдгурымыIуэжмэ, емыкIукъэ... Дэ тщыгъупщари дэнэ кърахыжыну ди яужькIэ дунейм къытехьэну сабийхэм?

Хьэуэ! Фэрэ дэрэ тIэкIу гугъу зедгъэхьмэ нэхъыфIщ. Мы ди дунейм хэт къэкIыгъэхэми, бзухэми, псэущхьэхэми, дыззрыIэбэ Iэмэпсымэхэми адыгэбзэкIэ зэреджэр къэтщIэжмэ, нэгъуэщIыбзэхэр «къыттегушхуэнукъым». Дехъулlакъэ?!

Абы папщIэ ди журналым къытехуэ тхыгъэхэм дэ ящIыдгъунущ псалъэгъэнахуэ (словарь), псалъэ нэхъ гугъухэми ятедгъэувэнущ макъыр зыIэт нагъыщэ (ударенэ). Фэ гурыхуэ цIыкIухэм ар фигу зэривубыдэнур дощIэ.

**Адыгэбзэ дахэр гугъу едгъэхь нэхъри, дэ дымыщхьэхмэ нэхъыфIкъэ?**

# Удзыр дауэ къызэрыкIыр? Мис абы и хъыбарыр

Гъатхэщ. Зыгуэрым Iэпыхуа удз жылэ цIыкIур щIым щылъщ мэзэшри. Мэхущхьэ, мэщатэ, зеплъыхьри, лъэдий[1] псыгъуэ хъужауэ удз дахэ къом къелъагъу.

– Умызэш икIи умышынэ,– къыжраIэ ахэм, – мыгувэу мо уафэм уэшх къехынурэ, ар къоIусэмэ, къыпщыщIыр уэ езым плъагъужынщ.

– Пэжуи?! – жылэр гуфIауэ уэшхым худоплъей.

Куэдрэ узригъэжьэнт-тIэ абыи, щыгъатхэкIэ, уш-ш-х-х – жери, зыкъеущIри къошх. А ткIуэпс щIыIэхэм зи щIыфэ игъэтхытха жылэр къыхоскIыкIри:

– УэI, мыр сыту псыф! – зызэхуешэ. ИтIанэ къыжраIар игу къэкIыжауэ зоплъыжри,– уэ-уэ-уэу, кIапэ къыпыкIауэ къыщIокI! Угужьеинтэкъэ?! Жылэр удзхэм йоджэ: – Мы кIапэр зиIысыр сыт?! СыхуеIым!

– Ар кIапэIым, делэ цIыкIу, ар уэ уи лъабжьэращ[2]. Дэри диIэщ апхуэдэ.

– Iуфх!

Удзхэр зоплъыж, Iупщlэ ящI, зохъуцацэри, я нэхъ лъагэр жылэм къоупщI:

– Уэ мы дунейр уигу ирихьрэ?

Жылэм зеплъыхьри, абы жыхуиIэр зэрыкъуэлэныбзэр фIэфI мэхъу. Удзхэм я бзэр къыгуроIуэ, зелъатэхэми зэубзэжу зы фIы гуэрщ яIуатэр. Уэшхыр къыздикIамкIэ иджы къеплъых дыгъэ гъуэжьышхуэр къедэхащIэу къыщохъу, апхуэдизкIэ гуапэщи. Лэрыпс кусэу уафэм урикIуэу къилъэгъуари лэгъупыкъуу къыщIокI!

– Сигу ирохь-тIэ...

– Уигу щрихькIэ, мы дунейм ухуейщ, пэжкъэ ? – удз губзыгъэр къоупщI аргуэру.

– Сыхуейщ.

– АтIэ а уи лъабжьэращ уэ узыгъэпсэунур. Ар щIым хыхьэнурэ щIым IэфIу къигъэшхэнущ, псыи кърригъэфэнущ.

– Сыт щхьэ?

– Ухэхъуэн хуейIэ. Мис дэ дызэрылъагэр плъагъуIэ?

– Пэжуи?! – жылэ цIыкIур гуфIэри и кIапэмкIэ щIым епэщэщащ. ЩIы щабэр игу ирихьщ аби, и лъабжьэр хигъэлъэдащ. Иджы фIэфIыпсу уэшхым зрегъэуфэнщI, дыгъэпсым зыхуишийурэ зегъэгъущыжри игу загъэу зоплъыж.

... Аурэ жылэм къикIыкIа удзыр хэхъуащ. Абы япэу къыкъуэжа Iэмбыр[3] къызэрилъагъуу, ар аргуэру къэуIэбжьат, арщхьэкIэ нэхъыжьхэр къеущиящ: а Iэмб цIыкIухэр зэIух, дыгъэ тегъапси, зэрыхъур плъагъунщ,– жари. Дыгъэр къызэрыкъуэкIыу удзIэмбхэм абы и бзийр ятригъапсэщ аби, тхьэмпэ дахащэу зызэIуахащ. «Уа-арэ» – жиIэу, хуабжьу зэрыгуфIар щалъагъум, удзхэр дыхьэшхыурэ:



## ДУНЕЙР ЗЫДОГЪЭЩIЫХУ

– Умыпiащiэ-умыпiащiэ, уэ иджыри уи гъэгъар къэплъэгъуакъым, мис аращ хьэлэмэт дыдэр! – жаiащ.

– Фэ фыфейхэм ещхьуи?! Ар сыт телъыджэ! – и лъэхъуцыр щiым хэмытамэ, зигъэджэрэзу къэфэнут а дахэр, апхуэдизкiэ гуфiауэ тхъэжти, ауэ...а къапщiи́й[4] гъэгъа цiыкiухэр щыпылъэлъыж мыгъуэм, ар сытым хуэдэу гухэщiу къэгъуэга, яхуэмыгъэудэiужу. Абдежым удз губзыгъэр аргуэру йоупщi абы:

– Уарэ ей, сыту угъыринэжь цiыкiу уэ. Псэ зыiут псоми щiэжьей яiэщ, удзхэми къуэж[5] къащiохъуэ. Уэри уи бынжэм бын цiыкiу къыпыжыну ухуейiэ?

– Хэт абы хуэмейр, жыпiэфати,– зегъэгусэ удзым.

– Атiэ а къапщiийхэр здыпыхужам дей иiэ кумылэм уи жылэ цiыкiухэр исщи, къэщхьэлъэ́нущ[6], хьэлъэ хъунурэ... анэ ухъунущ!

– Мис иджыи-тiэ сэ сыщыпсэур! Алъандэрэ езым сыреями, иджы мы Дунейр сэращ зейр! – зиутхыпщiащ удз лъэдий псыгъуэм, къапщiий къэнахэр пигъэлъэлъыжу.

Зытхыжар
***ДАРИЙ Хужь***

[1] Лъэди́й – щiым къыхэщ удзым и къуэпс (стебель).

[2] Лъа́бжьэ – лъэхъуц (корень).

[3] Iэ́мб (удзiэмб) – жыгым гулъ къызэрищiым хуэдэу, къэкiыгъэхэм я тхьэмпэр къыщыпидзэрщ (всход).

[4] Къапщiи́й – гъэгъа тхьэмпэ (лепестки)

[5] Къуэ́ж – удзым къыкъуэж къуэпсырщ (поросль).

[6] Къэщхьэлъэ́н – къэкiыгъэм кумылэ щрищiэрщ (заколоситься).



АБРОКЪУЭ Беллэ

**Адыгэбзэм и Махуэшхуэщ Гъатхэпэм и 14-р. Дунейм бзэуэ мин 400-м щIигъу тетщи, ахэм лъабжьэ яхуэхъуауэ еджагъэшхуэхэр щыхьэт зытехъуэр ди адыгэбзэр къызытехъукIыжа хьэтыбзэрщ. Ар уззрыгушхуэнкъэ? Ди анэдэлъхубзэр тхуэхъумэмэ, цIыкIухэ, езыми дыкъихъумэнущ.**

# АДЫГЭБЗЭМ И ПШЫНАЛЪЭ



ЗэшыпхъуиплIым я Бзэ-анэм
Жьгъыру макъкIэ уэрэд жиIэт,
Гущэ лъапэр щIигъэхъаеу
Дуней гъагъэм и щэху жиIэт...
*Мис а цIыкIухэм я хъыбар:*

Г, ГУ, ГЪ, ГЪУ – зэшыпхъуиплI,
ЗэшыпхъуиплI – макъ жьгъыруиплI
Зы унагъуэ къыщалъхуащ,
Зы унагъуэ къыщыхъуащ,
ЗэщIэжьыуэурэ хэхъуащ,
ЗэгурыIуэурэ псэуащ.

Пагэ Г-р я шыпхъу нэхъыжьщ,
Щхьэпэлъагэ гъур зэкIужщ,
ТIэкIу щыгие, дауи, къохъу,
Ауэ шыпхъухэм гуэгъу яхуохъу.

Пащтыхь гуащэу Гу-р гушхуащ,
Губзыгъащэу и цIэр Iуащ.
Ар гурыхуэ-гупсысэхщ,
Нэхъ гумащIэщ, укIытэхщ.

Гъ – гъыринэурэ хэхъуам
ЗигъэфIэнуи фIэфIащ,
Гъатхэ нэкIу фэ пыхьэ-пыкIщ,
Гъейшей цIыкIуу техьэ-текIщ.

Гъу–гъум кIэщIыр я кIэсыжщ,
Зи цIэ лейхэри зэкIужщ.
«Гъуагъуэ» жаIэм, зелыгъуэж,
«Вагъуэ цIыкIум» доцIууж.

ЗэшыпхъуиплIыр зэхуэпэжщ,
Я Бзэ-анэр ягъэпэж.
Макъ жьгъырухэм ягъэхъэж,
Дэри ахэм дагъэтхъэж.



**Дэ, адыгэм, хуабжьу тфlэфlщ lэпэlэсэ пщащэ цlыкlухэр. Мартым и 8-м пщащэ псоми тыгъэ фхудощl Д-м идыта мы усэр:**



Д – дэрбзэрым lэрыгъадэ
Иритауэ Данэ мадэ,
Шылэщ Данэ и lуданэр.
Быдэщ Данэ и къэдабэр.
Ауэ, дахэщи къэдабэр,
Зыдришейуэ зегъэпагэр.
Данэ дэуэ къыхуимыдэ,
Мастэ хиlумэ, зегъэбыдэ.
Зызэредзэри lуданэм
Егъэгубжь lэщхьафlэ Данэр.
Къыдришейуэ нэпс къудамэ
Къыхехыж мыдрейм lуданэр,
Имыдэж фlэдыдж къэдабэр,
Едэхащlэу къещтэ данэр.
Данэм фащэ къыхедыкlыр,
Дыщэидэкlэ хедыкlыр
Дыгъэ бзийхэр теджэгукlыу,
Дунейр дыщэу телыдыкlыу.
Данэху пыlэр дыщlегъужыр,
Данлъэч шырыр хухеlужыр
Дыхьэрэныр зи нэкlущхьэм,
lэдий псыгъуэр зи щхьэцышхуэм, –
Дарий кlапэр дэбзыкlарэ
Дыжьын уагъэр едэкlауэ.
Дэрбзэр дыдэ хъуа ди Данэ
Хуидыфакъэ фащэ гуащэм?

...Ар къэдабэм хуоплъэкlыж,
lупщlэ ищlурэ lуокlыж.

КЪАРМЭ Iэсият

# ЩIым и лъынтхуэ

– И-и-пчхи-и! И-и-и-пчхи-и!

Жей псыIэм хэт мэз лъахэр къыдэскIэу зыгуэр къепсащ. Мэз адакъэр щIэлъэтщ, и щхьэ псыгъуэ цIыкIур игъэкIри, бзииху щхьэукъуам и къудамэ нэхъ лъагэм зыдридзейуэрэ:

– Теурэзыр зыхуэмыкIуэн бэлацэжь! Нэху мыщым дэни ущыхэпщт?!

Зеплъыхь мэз адакъэм, и щхьэ папцIэр Iушэ ищIурэ: ихъуреягъыр нэщIщ, ауэ абы ищIэркъэ – мы мэзым зы псэущхьи щызекIуэркъым апхуэдэ къепсыкIэ зиIэ. «Быдэ и анэ гъыркъым»,– жи, пщIэнукъым иджыпсту МэзылIыр къыздыкъуэщэтынур. Ар зэ къеджэдэжьамэ, жыги псэущхьи тыншыпIэ яриткъым. Адрейм и деж, иныжь жей ещI.

И нэ чы тегъэхуауэ тэлайкIэ зэIуплъа нэужь, адакъэм къилъэгъуащ и щхьэ бэлацэ зэпэплIимэр щIэIуауэ екIэпцIэ пабжьалъэм къыпхырыущыкI МэзылIыр. Езыр пщэ кIэщI хъужарэ и шхулъащхьэм[1] уэщ тIыгур[2] къыдэплъу къыпхищIыкIырт абы мэз пабжьэр. ЖейкIэ зызэримыгъэнщIар нэрылъагъуу, нэщхъыцэт ар, нэхъу-нэплъ хъужауэ жыг дакъэхэр зэпиплъыхьурэ папщэрт.

«Хуоп-хуоп»,– жиIэу и дамэ къуэлэнхэр щэтегъауэ ищIурэ, мэз адакъэ бзииху къудамэм къобззэрэбзэх:

– Уи пщэдджыжь дахэу, бэлацэкъуэ! Е жейм уемызэгърэ, е пщIыхь жагъуэ уи нэгу щIэкIарэ? Ужьырытэджи-тIэ нышэдибэ!

МэзылI щхьэхынэу жыг къуэрэщхьэпэм[3] дэнэцIейуэрэ хохущхьыкI:

– А уи къабзий къуэлэныр цырыцу къыпхуэсфыщIынщ, джэд пIэрэпIарэ! ЛIо, цIэфIэщ джанэ къысщыптIэгъа? Уэрат иджы бэлацэкъуэкIэ къызэмыщыжар!

Ар мэз адакъэм къыпхуидэнт?!

– Сэра джэдыр-тIэ? Уи нэр къэдыхьа? Уи щхьэм тIэкIу хущыщIэрэ? Сэ сыадакъэщ, пщIэну ухуеймэ! Ар нэхъ хьэдэгъуэдахэти.

Арати, зы нокIуэ – тIу къокIуэж жыхуаIэу, МэзылI напщIэуфэмрэ адакъэ щхьэ папцIэмрэ зызэпэщIасэри, абы я хъуэрыбзэ хъурджауэм жыгхэри къигъэушыпащ.

– Ныжэбэрей жьапщэри нэхъ Iэсэти, мы фи зэдауэм нэхърэ,– зигъафIэурэ зиукъуэдиящ пхъэхуей лантIэм.

– Щыблэ кIапцIэр къыщыстегъуагъуэми, апхуэдэ Iэуэлъауэ ищIатэкъыми,– хэщэтыкIащ чэщей щхъуантIэр.

– Къэвгъанэт иджы фи псалъэ мышур. Дотэ фIэфI хъунукъым ахэр,– къэхущхьащ уэздыгъей гъумыщIэр, жыгеипщ Дотэ дежкIэ и къудамэр ишийуэрэ.

АрщхьэкIэ Дотэ Iэдж-джэ щIауэ мо зэпсалъэхэм щыму къахэдэIухьырт.

– ФIохъус апщий, мэзбын еIуящIэ! Сыт фыщIызэрызехьэр?

Псоми зэуэзэпсэу заущэхуащ. МэзылIым Дотэ гъунэгъу зыхуищIыурэ:

– Зэрыщытыращ, Дотэ,– сэ си пщэдджыжь Iуэхукlэ сыкъежьати, мес мо цыпэплъым, имыIуэху зэрихуэу, къыспилъэтыхьри... дзы къысфIищурэ...

– Уа, БэлацэкъуэI, Iуэху зи куэдым урещхькъым уэ. Мазэ нэблэгъауэ уэлбанэщ, лIэун. Щыблэ уапIэм дищтэри, итырыгъури[4] бэгъуащ. Мыдрейуэ, щыблэ лыгъэ зэпхъуар кIагъуэм[5] игъэуфIыцIауэ мэзыр фейцейщ. Уи уэщымрэ уэрэ махуибл лэжьыгъэ къыфпэщылъщ. Уэращи, мыбдеж уиувыкIауэ фыз уэршэр ибошэкI. Сыт уи гугъэр-итырыгъумрэ уэшхырылъэсымрэ мэз адакъэ пщхьэщихын уфIэщIыжауэ ара?! КIуэи уи къалэн зехьэ! Уэри, къуэлэн цIыкIу, кIадащхьэр къыумыгъавэу уи щхьэ Iуэху зехуэ, – кIэщIт Дотэ и псалъэр.

Псори щIэукIытыхьыжри щым хъуащи, щIым хоплъэ. Дотэ и лъэдий гъумыщIэр а щIым хохьэри лъапэ лъынтхуэ абрагъуэхэмкIэ мэз лъахэр къепэщэщыхь. Жыгей Дотэ IитIэлъитIэу хэумэзыхьащ уэшх угъурлым кърикъэбла щIы къэуатым. Абы и лъабжьэ лъынтхуабэхэм «къухь», жаIэурэ загъэнщIыжащи, йофэ-йофэ псы псэхэлъхьэжым и щIыпцIэ къарум. Абы и къудамэ Iэгъуапэхэм уардэу уафэ купсэм зрашие. Абы и тхьэмпэ псыIафэхэм тхъэжыгъуэу дыгъэ бзийм зыхашытIэ.

Мыдэ зэ фымыпIащIэт! Уэлбанэм иуфэкъа мэз лъахэр МэзылI и уэщыжьымкIэ зэ иригъэкъэбзыкIмэ, Дотэ арэзыуэ и псысэ пхъэмбылъэр[6] къытхузэIуихынущ. Мыдэ зэ шыIэныгъэ зыхэвгъэлъыт! Мазэ зэблэкIыгъуэмирихьэлIэу къэдгъэзэжынти мыбы и Iэгъуапэ жьауэм. О-о-оу, гъэщIэгъуэныщэу зыми емыщхь псысэ Iущхэр тхуегъэтIыгъуэ жыгей Дотэ. Абы и жагъуэщ къэвэрейхэр. Абы и щIасэщ жыIэдаIуэ Iущ цIыкIухэр. Аращи, мазэ зэблэкIыгъуэр зэхудипIалъэщ. Щэху дахэ Iэджэ тхуегъэтIыгъуэ Дотэ. Жыг хъыбар зыфIэфIхэм зыкъревгъэхьэлIэ. ЩIым и лъынтхуэр зэрыбауэм зэгъусэу дедэIуэнщ.

[1] *Шхулъáщхьэ* – дамэр къыздыхэкI къупщхьэр (ключица).

[2] *Уэщ тIыгу* – джыдэм и тхыцIэ бгъуапIэр (тыльная сторона топора).

[3] *Къуэрэщхьэ́пэ* – жыгым и щхьэкIэ дыдэр (макушка дерева).

[4] *Итырыгъу* – щIым хэгъухьа; итурэ гъуа жыг (сухостой).

[5] *КIáгъуэ* – кIэгъуáсэ (копоть, гарь).

[6] *Пхъэмбылъэ* – цIыкIуфэкIу лъапIэхэр щагъэтIылъ пхъуантэ цIыкIу (ларец).



## Егъэджакlуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ къахуэсэбэпын тхылъыщlэ дунейм къытехьащ

«Эльбрус» тхылъ тедзапlэм къыщыдэкlащ «Сабиигъуэ» хрестоматие. Тхылъыр зэхуихьэсыжащ **МЭЛЕЙ Фатимэ.** Адыгэбзэр сабийхэм кууэ егъэщlэным хуэгъэпсащ ар. Абы къивгъуэтэнущ къэбэрдей, шэрджэс, адыгей тхакlуэ-усакlуэхэм я тхыгъэ нэхъ гъэщlэгъуэнхэр; нэгъуэщl лъэпкъ тхакlуэ-усакlуэхэм я lэдакъэщlэкl нэхъыфlу адыгэбзэкlэ зэрадзэкlахэр.

Усэхэм, хъыбархэм, псынщlэрыпсалъэхэм нэхъыжьхэр къеджэурэ сабийхэр щlагъэдэlумэ, нэхъ гурыlуэгъуэщ икlи гъэщlэгъуэнщ, сыту жыпlэмэ, псалъэжьхэм я мыхьэнэр, е къуажэхьхэм я жэуапыр гуп-гупурэ къэпхутэмэ, удехьэх, нэхъ гукъинэжи пщохъу. Псынщlэрыпсалъэхэмкlэ сабийхэм уапеуэну сыт и уасэ! Мы тхылъым ихуащ сабий нэхъ цlыкlуlуэхэм папщlэ бзэгъэбзэрабзэ, къебжэкl, таурыхъ, шыпсэ, псысэхэр.

«Сабиигъуэ» тхылъыщlэр бзэм зэрызиужьын лэжьыгъэ хьэлэмэтщ.

## Хъыбарегъащlэ

Адыгэбзэ зэзыгъэщlэну хуейхэм сэбэп яхуэхъун lуэхугъуэщ «Си бзэ» зыфlаща проектыр. Интернетым къыщызэlуаха сайтым sibza.org фэ къыщывгъуэтынущ макъкlэ къэlуу адыгэ алыфбейр, адыгэ-урыс псалъалъэ, лъэпкъ уэрэдыжьхэр, хъыбархэр, псалъэжьхэр, сабийхэм папщlэ бзэгъэбзэрабзэ, адыгэ мультфильмхэр. **Хьэмдэхъу Анзор, Джэрыджэ Аслъэнбэч, Къардэн Мусэдин, Евгъэжыкъуэ Тимур** сымэ елэжьащ а сэбэпынагъышхуэ зыпылъ lуэхум.





**АЛИБУТАЙ Маринэ ищlа сурэтхэр (8 «б» кл. Кишпек къу.)**

ІЭПЭІЭСЭ

# ГУАЩЭР ДОХУАПЭ



**КЪЭЩІЭРЕЙ**

## ДЭТХЭНЭРА ДЖЭДЫКІЭР ЗЕЙР?



Етlуанэ къыдэкlыгъуэм тета *Псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:* 1. Вагъуэ. 2. Тенджыз. 3. Кхъухьлъатэзехуэ. 4. Капитан. 5. Накъырэ. 7. Сэлэт. 8. Лъыхъужь. 9. Мамырыгъэ.

Псалъэ нэхъыщхьэр: *гъунапкъэхъумэ*.

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 3 2016 г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям,
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

И. о. главного редактора
**Б. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Набор и верстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
22.03. 2016 г.
Выход в свет 31.03. 2016 г.

Формат 60х90 $^{1}/_{8}$
Бумага офсетная № 1
Гарнитура Arial Cyr, Minion Pro
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2848 экз.
Заказ № 198
Индекс 73912
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России – 13,19 руб.,
за 6 мес. – 79,14 руб.

В розницу – цена свободная.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КЦО СМИ КБР», Дом печати.

Отпечатано
ООО «Печатный двор»
360030, КБР, г. Нальчик,
ул. Калюжного, 1
printhouse07@gmail.com